

ROMAN SUNDA

JAHAT SAWAH  
SHIRAWA  
GAS KAPTE ISKAK MUSI BUKIT  
ST. JIMARU

# Rampog Gerot Tjikarendong



ENTANG. S

30-1984-00016  
Фотоателье



С-НИАТКЕ

Batjaan nu geus Dewasa.

# RAMPOG GEROT TI TJIHAREN DONG

## Djiliid ka 9

Entang S.




Laksana.

Diterbitkeun ku Penerbit : "LAKSANA"  
BANDUNG

1971

Pangaos Rp. 70,-



Surat izin No. Pol. 019-I/ NBT/BIN/'71  
KOMDAK VIII Djabar "Langlangbuana"  
talak di periksa dan disetudjui untuk diedarkan



## BAGIAN KAHIDJI

**N**GAHERUK bawaning ku wiwirang, dumeh tadina manehna udjub ria takabur, abir<sup>2</sup> geuning nepikeun ka rubuh ku Amran. Djaba ti ngenes teh era ku nu djadi adi nu ngagelenju gigireunana bari neuteup ka manehna tur Eulis Banon mah teu we-leh<sup>2</sup> ngananahana teh pedah lantjeukna sompong teuing.

„Numawi tadi disanggemkeun ku abdi ti rorom-pok keneh oge, rehna ulah waka udjub teuing kang.”

„Rumaos akang oge Lis, emh teu sangka bakal ragrag dja'jaten akang ku ngaran si Amran. Upami teu kabudjeng ku Eulis engkang tiwas panginten,” tjeuk Umbuldipa bari njusutan tjipanon.

„Hapunten bae Neng, hapunten emang teh teu li-  
asa nulungan kawantos itu teh langkung djago geu-  
ningan,” batur Umbuldipa atawa murid bah Ngadi-  
pa oge tingkurumuj njampeurkeun.

„Atuh naha, mana tjeuk kuring oge tadi, sing was-  
pada, moal ku Djakatarung djeung Djalumpang dipi-  
kaserab dipikasicun mun teu ngabogaan wawanen  
tur kapnteran mah,” tembal Eulis Banon.

..Sumubun kalintang pinterna, dugikeun ka tiasa  
luntjat kana tangkal kai, andegleng dina dahanna  
nu sakitu luhurna, Nembe emang mah ningal kitu.

„Kuring ge bisa, ngan kuring mah tara luntjat ka  
luhur tapi ka djauhna bisa luntjat duawelas meter  
sakali luntjat!” tjeuk Umbuldipa ari apes mah me-  
mang embung manehna teh,

„Leres Tjep, entjep oge tiasa namung ieu we ku  
nembe ningal musuh sapertos kitu da emang kantos  
gelut sareng djago silat, geuning ah biasa we saper-  
tos emang.” tjeuk mang Karsan.

„Parantos bae kang, ajeuna urang mulih tong ba-  
de ngalajanan deui Amran, da Amranna oge paran-  
tos kamana boa ngilesna, dihadja ku abdi dikebut  
ku karembong warisan ti ujut Rentje tea.” tjeuk  
Eulis Banon bari njenjekel karembongna.

„Keur akang mah moal kapalang Lis, bieu akang  
ragrag soteh pedah rada meleng djeung akang poho  
teu ngagunakeun Kilatbadjra, mun digunakeun mah  
tjan tangtu akang bisa kateunggeul ku manehna !”  
tjeuk Umbuldipa.

„Palin dieuna akang mah teu tiasa nahau amaraha teh. Kumaha upami engke akang<sup>2</sup> keneh anu kawon?” tjeuk Eulis Banon bari seuri.

„Kumaha engke bae, kapalang akang teh!” pokna bari tjengkak sarta nulak tjangkeng.

„Sumuhun, nanging bade gelut sareng saha? Kapan Amranna ge tos teu aja,” djawab Eulis Banon.

„Moai kapalang, ku akang bade disusul. Diberik kamana wae oge. Lantaran akang jakin, lamun dilawan sakali deui mah pasti akang nu bakal meunang.

Kukituna, diig bae Eulis balik tiheula, bedjakeun ka ama djeug ka ibu, jen akaang mah njesul si Amran kituh. Tjan panggih mah moal waka balik,” tjeuk Umbul dipa bari ngaledjeg, bangun katjida panasarananeunana hajang diadu deui.

„Ja Allah kang, tjing atuh akang teh sing ngagugu kana kasauran sepuh, kapan kasauran ama oge ulah bade njombongkeun andjeun.

Eta mah saurna oge dina perkawis silat, sanes kanggo gelut<sup>2</sup> teuing, namung kanggo pangdjagian salira dimana kapeped. Lumpat teu tiasa lumpat, ampun tos teu tiasa ampun, didinja nembe tiasa digunakeun. Ujidi upami sapertos akang mah bade ngahadja milari pimusuheun panginten.

Atuh gampil kang, bade milari musuh mah tong katebihna dina panto oge kenging,” tjeuk Eulis Banon ngagelendut mapagahan anu djadi lantjeukna, da bongan papaghaneun lain turutaneun.

„Kapan saur dina serat ti sobat ama oge, si Amran teh bade ngaruksak ka urang.

Malah nu saenjana mah rek ngarüksak ka turunan  
Ama djeung Ibu, tah wadjib ku akang dibelana di-  
pertahankeun dugi kamana!" tjeuk Umbuldipa bari  
merong ka Eulis Banon.

„Eta mah teu atjan tangtos kang, nembe ku basa  
dina serat. Ulah bade diandel teuing, bilih wae pe-  
dali bah Djalumpang teh kawon pangawasana, teras  
ngadukeun. Naha urang ker esa diadu-adu lir upami  
domba atanapi hajam adu?" djawab Eulis Banon  
bari marahmaj bae tur njaritana tenang.

„Naon sababna nepikeun ka njata<sup>2</sup> si Amran nga-  
hadja nudju ka lebah lembur urang, upama teu enja<sup>2</sup>  
sakumaha tjeuk tjaritaan surat ti bah Djalumpang?"  
tembalna deui bari nulaktjangkeng.

„Sanaos kitu ulah dipertjanten teuing. margi ru-  
pa<sup>2</sup> akal nu djahat mah atanapi nu niat binasa Boa  
teuing Amran teh aja kaperjogian nu penting nu  
salian ti rek ka urang, kaleresan bae djalanna ka-  
dieu, kapan djalan ieu teh sanes nudju ka lembur  
urang bae ka Bitungampar namung butbat aja nu  
ka kidul teras ka kampung Tegalpapak, aja nu ka  
kaler teras ka Sapuangin.

Saur mama oge upami leres<sup>2</sup> bade ngaruksak nem-  
be pertahankeun ku satiasa-tiasa ari henteu mah  
sakadar djalmi nu ngaliwat ulah atuh!" tjeuk Eulis  
Banon keukeuh merangan ka lantjeukna.

„Tah lebah dieu, bisi Eulis teu njaho Ari Tegal-  
papak djeung Sapuangin teh kapan bedjana bae tem-  
pat djelema<sup>2</sup> nu djararago maenpo, moal salah Amran  
rek menta tulung ka urang dinja."

„Teu atjan tangtos menta tulung kanggo ngagem-pur urang, margi urang mah naon dosana ka andjeun na teh. tjobi ku akang emutan.

Numawi ajeuna mah mangga geura mulih ulah bade neraskeun pamaksadan kitu paur abdi mah Leu heung didieu masih katempo ku abdi. atuh ka amage tjaket keneh, dina akang kawon tur apes tiasa ditulung, namung dina tebihna saha nu bade nganjaboankeun!” tjeuk Eulis Banon.

„Sumuhun Tjep tong teterasan kitu, paur emang mah, mending mulih, bilih deudeupeun tuang rama!” tjeuk mang Karsan.

„Wah tong rek mararegatan, wani megatan susul berik awak kuring, teu wani ngadjaredog, Kuring teh kapalang!” djol belenjeng bae lumpat tihareupeun Eulis Banon, atuh Eulis Banon djeung murid' mama Ngadipa nu opatan tjarolohok bengong.

„Emh, kang Umbul, tajohna mah boro kana ketjap nu djadi adi kana tjariosan kolot geus teu ngagugu,” Eulis Banon gogodeg.

„Neng, da kitu kapalajna geuning. Mangga we enggal undjukan ka tuang rama bilih deudeupeun sawi os da teu lepat kanggo Eneng sareng emang, margi ngawagel mah parantos!” tjeuk mang Karsan.

Haraju bae atuh urang baralik!” Eulis Banon bruu<sup>2</sup> leumpang tipajun diiring kunu opatan.

Teu lila geus narepi ka buruan bumi bah Ngadipa nu harita bah Ngadipa djiga anu terus rasa sadjigna dua putrana teh ngadjeleng di buruan bari teu waleh tumpa tempo ngarep<sup>2</sup> palaputrana.

„Amzaa ..... tiwas amzaaa!" djol serebet bae Eulis Banon muru ka bah Ngadipa nu keur ngadjanteng di burean, atuh bah Ngadipa oge katjida kegeteunana tur reuwas.

„Kunaon geulis aja naon, kamana lantjeuk hidep teh ajeuna?" tos teg bae ka Umbuldipa.

„Tjlaka ama, perkawis kang Umbul teh teu ta-ta pasini deui, djol gabrug bae njegat Amran tea nu nudju leumpang didjalan, anu teu atjan tangtos bade kitu kieuna. boaz bade njerang ka urang boasaukur kaleresan djalan kapalih dinja," manji hareweusweus tur perlente naker.

„Ke. ke..... ari geus kitu tjing kumaha, kama-na ki Umbuldipa ajeuna?" saur bah Ngadipa.

Batur<sup>2</sup>na nu opatan mah tjan ngaromong da katjida harandueueuleunana, ku ngarasa sieun ku bah Ngadipa kumaha upama ngambek sedengkeun nu ditjaram teu ngagugu kalah lumpat.

„Kang Umbul teh kawon gelutna teh kawon, mana horeng itu teh djadjaka ganteng, kasepteh ama, kasep ..... awakna bangbang pikalutjueun, pikalutjueun weh katinggalna teh

Pinter, kesit dina silatna dugi ka tiasa ngagadjeng leng kana dahab kiara nu sakitu luhurna.

Kang Umbul disiksa da teu kiat, atuh ieu si mang opatanana oge teu warantuneun mararadjeng.

Nja ku abdi dibaledog ku karenibong warisan U-jot tea, teras bae kabawa ku angin tah kang Amran teh eh ketang sanes kang Amran, Amran amal tjeuk Eulis Banon katjeletot.

„Heug keun, singketna weh singketna. Tjing kumaha eta teh?” saur bah Ngadipa, pedah putrana perlente kawas Sirkandi bae njariosna teh.

„Sumuhun teras disusul deui ku kang Umbul madjah kapaineng eleh saurna teh ama, hajang eleh deui ta teh, da sanggem abdi mah moal tiasa margini ituna langkung pinter.” tjeuk Eulis Banon, sabab manehna rada tjondong ka Amran pedah tadi nempo rupana kasep, manehna bogoheun.

„Hih, ari budak. Dedengean ama teh dipegatan ku hidup djeung ku nu sedjen?” saur abah Ngadipa bari ngateret ka nu opatan.

„Kantenan, mung teu kenging ditjarek, kalah nam piling, tah ka abdi teh bade njabok marukanana teh ama. Ampun abdi mah ku adatna kang Umbul mani ku aduh sugar mah ama, kumaha upami parantos kitu?” tjeuk Eulis Banon mani kawas toed.

„Abdi oge njakitu bah, kantos ngawagel ka tjeup Umbul teh, namung teu ngagugu sun, kalah bade nampiling ka emang oge. oja Neng?” tjeuk mang Karsan, malah kitu tjeuk sarerea oge

Abah Ngadipa ngahuleng bawaning hareugeueun ras ka putrana tu ngaberung ngaladjur napsu.

„Keun bae, keun ari kitu onaman da kahajangna djeung deui teu kurang<sup>2</sup> kolot mah ngahalangan kena aduan kitu teh, teu perelu hajang gelut, diadjar silat sotek djang kasenian we, ulah nepikeun ka kattingaleun ku batur.

Ngan kitu deui, meureun hajang meunang pangalaman, keun sina neangan sorangan.

Tapi, rasa am i mah moal rek bisa buru<sup>2</sup> patepuang djeung Amran, sabab beda djalan ieu teh. Moal salah tina implengan ama.

Amran, tjeuk pikiran ama kitu ge, aja maksud hajang boga pakarang, teuing pakarang naon eta teh. Malah mun teu salah memang ama kungsi ngadeng e lamun tidieu mah ngulon ngaler saeutik. aja hidji lembur nu perenahna meh deukeut ka basisir laut Kidul, ari ngaranna lembur Kiarapantjuh. beh dieu-eun Kiarapantjuh njaeta nu katedalahna teh Sapuangin. eta dua lembur teh minangkana mah panto beusina pikeun ngorang ka Kutakarang.

Djadi mun aja nu rek ngorang ka Kutakarang moal bisa asup lamun teu bisa moblos ka dua lembur nu kasebut ku ama bieu. njaeta Sapuangin djeung Kiarapantjuh," tjeuk mama Ngadipa.

„Naha mama, naon margina eta teh ?" Eulis Banon kageteun ngadangu pisaur mama Ngadipa, naha nu ngaran Kutakarang didjaragana ku dua ngaran lembur tur kasebut panto beusina.

„Duka teh teuing, tjenah aja pepeneman bae di Kutakarang teh, ama ge tjan njaho nu bener<sup>2</sup>, ngan sidik nu ngabogaan Kutakarang mah tjitjingna di Kiarapantjuh, ari minangka benteng kahidjina nja eta nu aja di Sapuangin. Tjenah bae djelemana dja-go, tjeuk basa baheula tea mah, sakti ora katjiri gagah tan katingalan. Tapi ari ajeuna mah nja kasebut djelema nu ngadjago bae, tah tjitjingna teh di Kiarapantjuh. Ari ngaranna, ama ge teu njabo nja duka teuing deuih teu bisa nerangkeun !"

„Kutan teh kitu, naha naon atuh nu aja di Kuta-karang teh nja Amra mana gegek<sup>2</sup> teuing didjagana?” tjeuk Eulis Banon.

„Moal salah aja panundaan pakarang didinja teh, da eta we nu ngadjagana oge lain saeutik. Sadjaba ti nu aja di dua lembur lalawatanana teh.

Numatak ama bisa njinteng, lamun Amran rek ne-neangan pakarang sakumaha tjeuk ramalan ama, moal salah pakarang nu matih mah aja didinja.

Kitu oge ketang karek omong batur, da njaeta dipikir mah teu aja pakarang nu matih iwal ti kudu ku bebeneran urangna bae. Geus ajeuna mah geura ka arimah, keun keur Umbuldipa sina antjlong<sup>2</sup>an da lalaki ieuh, melang soteh tadina mah bisi djeung bisi ngorang balai, tapi ari keukeuh<sup>2</sup> teuing mah teu aja halangan, ngan mugi<sup>2</sup> teh sing aja dina kasalametan bae.” saur bah Ngadipa bari unggah ka bumina, perkara Umbuldipa teu diemutan deui.

Nja kitu deui Eulis Banon sanadjan bari ngalaman mikiran Amran babakuna mah, sup ka imah dibarung ku hariringna hate, bet tingsareblak ari ras inget kana rupa djadjaka nu tadi, gebeg ngarasa kaduhung make dibaledog ku karembong kabujutanana.

[ooooOoooo]

## BAGIAN KADUA

**N**U katiup ku angin karembong siładoni ti nu geulis, Amran katjida pisan lungsena njangsaja dina hidji kamalir ditegalan.

„Ja Allah aing teh kakebut ku angin siluman meu-reun mana kieu oge.

Naha eta djol peletak hidji karembong, ari ger angin sakitu gedena, ngan aneh aing teu tidadalagor lir di pengkol<sup>2</sup> ku angin njelempet<sup>2</sup> kana sesela kakajon. Naha boga saha eta karembong nu diblangkeun kana sirah aing teh si Umbuldipa kitu nu bogana teh?” tjeuk gerentesna bari ngahuleng taja tangan pangawasa lungsena nataku.

Maksakeun oge manehna nangtung teu kuat, ang-gur brek deui bae diuk. duka kumaha kawas teu manggih dahar lilana saminggu bae lungse taja tanan pangawasa.

Keur ngalamun djeung ngararasakeun kalungse, kadenge aja sora sada sora kuda nu keur lumpat.

Plok plak.... Plok plak kalawan kadengena teh tonggoheun manehna pisan.

Barang ditempo ka tonggoh manahoreng aja djalan leutik kira<sup>2</sup> sadeupaeun mah rubakna, sedengkeun sora kuda geus ampir deukeut ka lebah manehna.

Djung nangtung hajang njaho, naha kuda wungkul atawa aja nu numpakanana? Manehna tjemelgeu ka tonggoh ka djalan nu saukur kahalangan ku hidji gawir bae tur teu pati barala.

Plok plak, plok plak ... kuda teh nepikatonggoheun manehanana, ngadadak nu tumpakna ngarebet ka lebak atuh ngan sorodot kuda teh ditjentok mani nandjeur bakat ku disakalikeun, reg eureun.

Nu tumpakna merong ka Amran djelemana djangkung badag, kumis bapiang, make iket barangbang semplak, ari pakeanana badju takwa warna hideung teu beda ti pakean Kuwu baheula, ari tjalanana pangsi dibeulitan deui ku samping rereng, dina tjangkeng njolegreng njoren bedog kira<sup>2</sup> tilu djengkaleun mah aja pandjangna teh.

Amran diperong teh ku nu tumpak kuda, hatena rada tjuriga tuluj manehna néuteup bari matja istigpar tur mementa dikuatkeun deui badanna, sang kan aja tanaga bisi eta manusia nu rek hiri dengki ka manehna, manehna bisa ngalawan.



„Hej! saha ari maneh? Tjoba kadieu sing deuk  
keut ka kaula, kula hajang tumanja.” tjeuk nu tumpak kuda. Malah mang-kulakeun sagala kawas<sup>2</sup> en ja ieu mah djelema nu njekel gawe boh djadi kuwu boh tua-kampung atawa sedjen<sup>2</sup>na deui.

„Teu tiasa leumpang, hapunten bae sim kuring teh moal tiasa tjaket ka salira!” tjeuk Amran bari neuteup ka nu tumpak kuda.

„Naha ku naon kitu, gering atawa teu boga suku?” tjeuk nu tumpak kuda bari merong.

„Nudju nahnaj, teu nararangan. Kawantes sim kuring teh kalepasan teuing ngalalana, leuleumpangan ti sababaraha gunung, dugi ka dieu karaos ripuh,” djawabna bisa pisan alesanana teh.

„Oh, djadi kitu. Atuh meureun maneh teh djaka lajana?”

„Duka kumaha nu njebat bae, margi sim kuring mah salamina hirup ngalalana,” pokna deui.

„Ke atuh kula hajang njampeurkeun ka maneh!” nu tumpak kuda turun, sarta kudana ditjangtjangkeun dina tatangkalan, kadalina dilaan heula da sina njautan djukut nu aja di sisi djalan.

„Geus andjog ka hareupeun Amran, pok Amran teh nerangkeun bari ngasongkeun dampal leungeunna.

„Wiludjeng patepang, njanggakeun salam silaturahmi ka salira Mama!” manehna asa kabeneran njebut mama, keur mah enja kahajangna teh disebut mama boh di kampungna boh dimana bae oge,

„Ditarima ku mama, ari maneh saha ngaran, timana asil, naon tudjunan pang ngalalana teh?”

„Sim abdi teh nu katedah Amran, kawit ti Kandang wesi. Dupi pang ngalalana teu aja sanes nu dimaksud, namung milari pangalaman, mamansavian aja buruh tjape sareng teu nangan kenging luang panganan kalajan pangartos nu tiasa dibantun hirup di alam pawenangan kalajan gampil dibantun mulang ka alam Kalanggengan,” tembalna bari seuri leutik.

„Hemb, hade naker eta kahajang teh. Satudju djeung pikiran Mama, asa<sup>2</sup> kalakuan mama pribadi baheula keur ngora, kawas hidep pisan daek turun gunung unggah gunung tatapa kamana mendi Ari ti Kandangwesina teh dibeulah mana, djeung saha bapa atawa indung hidep teh?” pok deui manehna nanja

„Ti lebakeun gunung Giriawas lamping palih ti kalerna pisan, dupi pun bapa mah parantos teu aja dikieuna, maot nalika sim kuring alit keneh, wastana Ranu alias Bagus Handali, dupi pun biang wastana ibu Ami atanapi Euis Kominah Dupi nu masih keneh aja njeta pun aki djenenganana mama Panhur alias mama Djamburi,” pok Amran ngabedjakeun tuturunanana kalawan teu didingding kelir.

Si nu nanja ka Amran ngahuleng bari unggutan, sarta pokna teh,

„Sukur atuh geus nerangkeun ka mama bisi hidep hajang njaho, mama ge terus terang nja mama nu ngabogaan ngaran Saljaprawira, atawa pondokna sok disarebut mama Salja, mama matuh di wewengkon pagunungan ieu bae, beulah kaler saeutik nu kasebut Tegalpapak malah nu djadi Kuwu di Tegalpapak nja mama pribadi,” pok teh terus terang ka Amran

Teu salah tina tudjuman hatena, jen papakean kitu mah moal teu djeneng Kuwu.

„Nubun, djisim abdi ditepangkeun sareng mama Kuwu Tegalpapak, ti kapungkur parantos nguping rehna aja daerah nu kasebat Tegalpapak kalajan nu mangkuna hidji Kuwu anu widjaksana, Paingan djisim abdi bet dipatengkeun ho jong teras mapaj<sup>2</sup> djalanan nu kapalih kaler!” tjeuk Amran, padahal tudjuan mah pangna njarita kitu soteh sangkan bisa ngeunahkeun hate mama Kuwu Salja bae.

Baroraah njaho ti bareto, njaho ngaranna oge kakara ajeuna.

„Hahaha, nja atuh sukuri ari hidep geus aja niat tadina mah jen arek neangan daerah mama, njetaet Tegalpapak. Ari kana ngaran mama geus njaho ti bareto atawa entjan?”

„Dipi kana djenengan nu mangkon pakuwon mah nembe pisan terang ajeuna, malih sadaja djalmi<sup>2</sup> nu aja ditarebihna mah, boh di Kandangwesi, Kandangdjaga kalihna didaerah<sup>2</sup> sanesna, teu atjan aja anu aruningaeun kana tempat<sup>2</sup>na atjan, rupina sadajana ge hemeng. Aja nu uninga di ngaran daerahna teu uningaeun kumaha tempatna sareng dimana ajana, sumawonten ka Mama ku andjeun mah,” tjeuk Amran bari tungkul tanda hormat.

„Habah<sup>2</sup>ha, memang mama ge ngarasa atoh. Dihadja ku mama dihalimunan, sangkan ulah aja anu njaho ka daerah mama. Tong boro anu djarauh anu dareukeut oge moal bisa njaho, radjeun njaho ngaranna, tapi moal bisa ngadjugdjugna,

Aja oge daerah Sapuangin djeung Kiarapantjuh, maranehna teu barisa ngadjugdjungan ka Tegalpapak ati sabab ku mama dihadja dihalimunan," tjeuk Sal ja Kuwu Tegalpapak.

Amran ngahuleng kageteun, teu sangka geuning djiga<sup>2</sup>na mah ieu djelema nu ngabogaan kasaktian, nepikeun ka njaritakeun lembur dihalimunan, atawa diterapan adjian halimunan.

„Ngaraos kaget oge sim abdi mah, wirehna nembe pisan nguping hidji sesepuh dugikeun ka tiasa njum-putkeun daerahna ku andjeun. Atuh upami kitu mah moal tiasa katjorogoh atanapi karandjah kunu bade hiri dengki." tjeuk Amran bari tungkul.

„Memang sabenerna, daerah mama keuna ku antjaman bangsa djadug<sup>2</sup> rampog<sup>2</sup> gerot djeung djelema<sup>2</sup> nu sakadar kapangaruhan ku batur, pimilueun kanu hiri dengki.

Mama teh aja di Tegalpapak geus mang puluh<sup>2</sup> taun lilana nepi ka riah anak intju malah pangeusi lembur teh lolobana mah kulawarga atawa ahliwaris mama pribadi. Intju riab anak nja loba deul<sup>2</sup> malah lolobana sadudulur atawa dulur<sup>2</sup> mama djeung beraja perenah adi perenah iantjeuk djeung lian<sup>2</sup> na Alhasil taja nu sedjen pangeusi Tegalpapak teh ka beh anak intju djeung dulur<sup>2</sup> mama.

Mama ge boga anak teh dua welas nu pangleutik-na umur tudjuhbelas taun. Atun mama mah lain ngora umur. Pikeun pandjang lebar njaritakeun riwajat mama engke bae kahareup geura ajeuna mah urang ka mama bae. bisi hidep panasaran hajang njaho ngaran Tegalpapak."



mama Kuwu Salja djol aja kereteg manah bae ha-jang mawa Amran ka Tegalpapak.

„Isin panginten mama, bilih dipadjahkeun djisim abdi teh djadjaka nu tumorodjog tanpa raratan.”

„Bih, kapan dibawa ku mama, moal aja nu njebut-keun tumorodjog tarpa raratan, mama teh katjida we atohna ku papanggihna djeung hidep didieu, geura engke di Tegal papak urang ngadongeng, didieu mah teu salse Kapan di imah mania mah bari<sup>2</sup> ngopi,” mama Kuwu Tegalpapak keukeuh.

„Hatur nuhun atuh, djisim abdi teh sedja ngiringan ka mama, tina bojongna ngaraos terang lembur Tegalpapak, bade ngenalkeun sareng nepangkeun ka sadaja parawargi,” tjeuk Amran.

„Puguh wae atuh, boa<sup>2</sup> engke mah dimana papada pantjakaki urang teh masih baraja. Numatak haju urang ka mama!” saur mama Kuwu Saija.

„Sumangga, nanging nudju lalungse djisim abdi teh, rupina moal tiasa mapah ajeuna<sup>2</sup>.”

„Kana kuda kapan djeung mama, wajahna hidep titukangeun mama, sieun labuh mah muntang we kana tjangkeng mama!” saurna deui.

„Sumangga upami aja kalebaran manah mama djisim abdi tiasa ngiring sakuda sarerg mamal” tjeuk Amran bari tungkul.

„Ju atuh, tungtun ku mama tidieu mah,” mama Kuwu djol nungtun bae ka Amran, mani kawas ka budak dumeh Amran njaritakeun lalungse. Amran mah na pikirna teu weleh<sup>2</sup> aneh, nahe ieu djelema djol<sup>2</sup> ngadjak bae? Tapi keun itung<sup>2</sup> rek njiar pangalaman.

Susuganan nu dimaksud teh didieu aja terbukana.

„Tuh nja udjang rada oge djagdjag ari ditungtun  
ku mama mah, tjlak kadinjah djang tiheula naek !”  
saur mama Kuwu bari seuri, atuh Amran gantjang  
miheulaan naek kana kuda. Gadjleng deui mama  
Kuwu ti pajun njepeng elesanana.

Beretek kuda teh ditegarkeun mani tarik lumpatna,  
djiga nu rek muru naon bae.

„Aeh tong tarik teuing nja bisi bidep lieur !” bari  
ngendoran lumpatna kuda, tuluj ngadaleungdang  
kuda teh lumpatna kawas lumpat teu nangan tidi-  
nja dikenjed saeutik, kuda rada gantjang teu beda  
ti ngintjid andjing.

Kira<sup>2</sup> satengah djam lilana katempo ngadingding  
halimun dihareup. Amran tjolohok bengong naha  
djadjalaneun katutup ku halimun, samaiah beuki  
deukeut teh beuki ngadingding bae, teu kawas bia-  
sana halimun mah mun ngadingding pek disorang  
sok djiga laleungitan.

„Tuh nja udjang, halimun nu di hareup teh, tara  
aja nu wanieun ngorang sabab wateknna keueung bae  
nempo ngadingding kitu mah, teu beda ti sisi la-  
ngit.” saur mania Kuwu bari ngareret ka tukang.

„Leres bae nja, naha eta mah mani sapertos  
dipager ku halimun bae, atanapi didingding kekelir  
bodas !” tjeuk Amran bari olohog ka hareup.

„Kapan urang teh rek ngorang eta halimun, geura  
ieu kuda diasupkeun ka lebah dinja !” beretek kuda  
ditegarkeun deui bus kana halimun anu keur pasu-  
sun-susun lir nembus benteng tembok.

Naba atuh barang bus barang breh teh hidji pilem-buran nu matak waas katempona, barakbak kenteng beureumna, aduh ieu mah teu beda ti pakampungan nu dareukeut ka kota bae, malah leuwih. Kawas lembur di pakontrakan, kitu pisan djadjaranana teh rapih djeung ampir papak gedena teu sireum ateulan.

Kitu deui papak pisan taja nu hade taja nu goreng, djadi teu pa-alus<sup>2</sup> teu pa gede<sup>2</sup>.

Ari imah<sup>2</sup>na kira<sup>2</sup> bae kana tilupuluh suhunān.

„Tah ieu lembur Tegalpapak teh, nja ieu pisan lembur mama, nu dikapalaan ku mama. Pang disebut Tegalpapak nyaeta papak taja patjultjalanana, boh gedena imah boh alusna. Teu pilih nu beunghar teu nu miskin didieu mab, malah taja nu miskin taja nu beunghar kabeh ge sarua sama rata. Teu pedah mama djadi kapalana pek imah pang alusna panggedena, hih da henteū geuning satua bae djeung nu sedjen, da embuung mama mah ngabeda-beda sorangan.

Tah eta nu pang dieuna imah mama mah, tjeuk mama Kuwu bari nundju<sup>k</sup>, teu lila geus reg di buruanana, malah tingtarengo ti unggal imah nararempo ka mama Kuwu pedah mama Kuwu mawa djadjaka tur sakitu sembada gantengna.

Bring teh kaluar ti unggal imah kawas nu rek muru naon bae, magahoreng ngantaj sasalamana nepangkeun ka nu nembe sumping, sirikna teu matak tjangkeul nampanan, kolot budak awewe lalaki. turta mani balalear budi someah ka semah.

Kitu deui papakeanana bararesih sanadjan di kam-pung mah, malah teu kurang wanodja? nu ijararu-kup rupana, zh kasebut geulis bae.

Malah nepikeun ka pok ieu pok ieu njarebutkeun  
linggih ka rorompok teh, pedah pada hajang ngang-  
ken ka tamu.

Modjang<sup>2</sup>na tinggendejen disindjang mararanis  
naker teu telat ditjindung, teu beda ti di tempat  
pasantrian. meureun da ieu oge njalalantri katem-  
pona mah.

„Keun wae, engke ge ku mama rek dipapajkeun  
disina nepangan ka saban imah, ajeuna mah si udjang  
teh tjapeeun. Urang ngenalkeun didieu. Tah ien teh  
nu wasta Amran, ti Kandangwesi. ari ramana nu  
djenengan Bagus Handali almarhum, nu kungsi ku  
mama oge didongengkeun ka balarea: atuh ieu nu  
djadi ejangna nja katelahnna mama Djamburi djalmi  
nu gede kawidjaksananana,” saur mama Kuwu.

„Oho— kutan— !” kabeh reang mani bari ngarang  
katkeun leungeun, aja nu narareuteup bari tjolohok  
bae aja oge nu unggut<sup>2</sup>an.

Amran beuki kageteun naha manehna kungsi kitu  
didongengkeun naha djol njaho kana dongeng ata-  
wa riwajat manebna djeung saturunanana:

„E, eh. paingan mama Kuwu Tegalpapak mamawa  
ka aing kadieu mana kitu geus uningaeun meureun  
tatadina, naha rek naon nja?” tjeuk gerentesna.

„Wiludjeng patepang sareng sadaja para sesepuh  
sareng para wargi sepuh anom didieu, leres pisan  
sakumaha nu disaurkeun ku ketesa mama sim abdi  
teh Amran ti Kandangwesi, turunan mama Djam-  
huri kalajan Bagus Handali. kitu deui turunan uju t  
Mardasan,

Mudah<sup>2</sup>an sim abdi tiasa nepangan ka sadajana ka papaj sabumi-sabumina, geuning ieu teh masih keneh kasebat para saderek," tjeuk Amran bari marahmaj itung<sup>3</sup> nepangkeun ka pribumi.

Ger atuh pribumi pada ngahaminan, Amran buru<sup>2</sup> diangken ku ibu Kuwu, malah para modjang ge mani riab marapag minangka panghormatan,

Telu modjang naranggeui kopi-susu, roti djeung sadjabana bangsa kueh djeung aja oge tjau nu ngarangkadak. Matak helok, di pagunungan nu djauh kaditu kadieu, aja kadaharan sarupa kitu. Kopi susu djeung roti mah biisana oge dikota lain di pagunungan.

„Mangga ngaleueut!" bari sor diasongkeun kana medja nu ngagentjiang herang, paliturana oge lit paliturana ti toko we, malah korsina oge aja sababaraha setel, matak bisa ngasupkeun tamu sababaraha puluh.

„Mangga—!" Amran teu weleh kaget, kaget ku kaajaan tempatna, kaget ku kaajaan pangabogana, kaget ku djelemana, keur sararopan teh wanodjana gareulis deuih, na hatena tumanja. Mana ari putra mama Kuwu? Naba ieu kitu nu panggeulisna? kitu wae sadjeroning disanghareupan ku pribumi teh.

Tatangga mah sawareh ka arimahna masing<sup>2</sup>, sawareh minangka nu pangdeuheusna mah milu majunan tamu, rutrot njarontoan ka tamu.

„Pek udjang ngaleueut, di mama mah sing saper-tos di udjang we atanapi di bumi tuang ejang njalira, tong isin-isin!" saut mania Salja.

Tina dipaksa mah deker bae Amran teh ngopi nimat rara saanana.

Kawantu ti kamari keneh hajang barang dahar, ajeuna disuguhan kadaharan nu ngareunah.

Bari ngaleueut mama Kuwu Salja pok misaur.

„Udjang ulah helok, ari mama teh ka Ujut Mar-dasan perenah paman, djadi ana kitu udjang ka ama kuduna perenah aki, sanadjan kasebut laer tapi tetep kaduluran mah kuðu leuwih raket.

Sabab mama saturunan keneh ti luluhurna djeung Embah atawa Bujut Barerang, nu ajeuna dipendemna di puntjak gunung Tjikuraj.”

„Euh, panginten upami kitu mah karaosna ku djisim abdi oge raos tjonggah nu kalintang tjonggahna ana kitu ka sadajana oge saderek atuh!” tjeuk Amran bari seuri leutik.

„Leres pisan kitu, malah mama mun teu salah tudjuman, jen dina poe<sup>2</sup> ieu taun<sup>2</sup> anu ajeuna, bulan nu keur kasorang, bakal kasumpingan djadjaka turunan keneh mama, maksad milari pakarang anu matih kanggo numpes ahli sihir sarta numpes rain-pog<sup>2</sup> nu garerot. Boa<sup>3</sup> udjang pisan anu nudju milari pakarang teh? Tjing ka mama pertelakeuh naha leres udjang atanapi sânes.” saur mama Kuwu Salja bari neuteup ka Amran.

Amran ngarendjag, henteu sangka jen ieu mama Kuwu bakal uningaeun kana maksudna, djeung deui tepat pisan tudjumanana.

Manehna dehem heula geus kitu pok ngadjawab.

„Sakumaha kasauran mama leres pisan henteu aja lepatna, sim abdi teh wirehna ngaraos djengkel ku ajana rampog<sup>2</sup> gerot ti Tjiharendong, anu parantos ngabinasa pun bapa nalika pribados juswa opatpuluh dinten, djabi ti kitu sakur istri anu kawilang aja rupi mah dipaling bae ku andjeunna. malih punbodjo oge pangdugikeun ka tiasa ngarangkep teh sareng abdi. kawitna mah ditulungan waktos bade diduruk ku Djakatarung anak rampog dupi ramana nu ne-  
lah ki Djalumpang kalajan seueur balad<sup>2</sup>na ”

„Leres pisan eta teh udjang, mama oge tos terang, ngan mama mah teu soteh hajang numpes pedah aja ramalan jen nu pibakaleun numpesna iwal ti hidji djadjaka. tetela bae udjang panginten..

Malih<sup>2</sup> upami udjang uninga, sakokotjoran keneh sareng urang Sapuangin kalajan urang Kiarapantjuh maranehna ahli sihir elmu lahir, lain ajonaneun nu sabroongbrong. Sakumaha nu ku udjang ditjaroskeun jen kudu ku hidji pakarang anu ajeuna nudju dipilarian.

Ari eta pakarang teh ajana di Kutakarang, didinja perenabna. Djig bae endjing pageto mah geura susul kadinja, susuganan aja milik keur si udjang.

Malih udjang kedah gede hate, sabab anu ngadigana teh dua iembur anu ngaran Sapu angin kalawan Kiarapantjuh, eta teh minangka panto beusina.

Didilja aja hidji djago anu hese patandingeunana, sing saha nu rek ka Kutakarang ditjegat kalawan dibinasa.

Tapi mama jakin kana katiginan udjang, kana ka teuneungan udjang. Pek teh teuing geura indit mo-al burung hasil maksad," saur mama Salja teh kitu malah mani jakin pisan.

„Upami kitu mah atuh mama, sim abdi bade mios dinten ieu keneh bae, kanggo ngadjugdjug ka Ketakarang nu disaurkeun ku mama nembe!" Amran atoh pisan barang ngadenge kasauran mama Salja kitu teh, runtjingah hajang geura djung bae.

„Ulah ajeuna kasep endjing bae tabuh opat son-tent margi ajeuna mah numbuk dina zpes." saur mama Kuwu Salja. Atuh Amran kapaksa nurut.

„Undjuk sumangga abdi bade ngiringan kana ka-sauran mama, mudah<sup>2</sup>an dinten endjing kanggo sim abdi ulah aja kutjiwana!"

„Mudah<sup>2</sup>an bae tah geuning ajuna mah parantos asak sangu, sok urang taruang heula bardjamaah." sabab nu ngasong<sup>2</sup>keun tutuangeun ti pawon geus pating solongkrong modjang gareulis naker, matak tinglalenjap kana rasa nu ngandjang mun seug lain rek aja perelu mah meureun betah tjitjing di Tegal papak teh.

Deker sadajana tararuang boh tamu boh pribumi pada pararonjona.

ooooOoooo

## BAGIAN KATILU

**A**NGIN leutik ngahiliwir ngiringkeun nu keur lu mampah, leumpang bari ngagandeuang dibarung ku sumoreang teu weleh njongtjolang kanu anggang.

Dangdaunan tingarulang djiga nu ngabarageakeun ka djadjaka nu keur tandang leumpang bangun taja karingrang mapaj akar ngorang djungkrang,

Pasosore wantji tunggang gunung, perdjalanan Amran geus rada oge djauh ti bumi mama Kuwu Tegalpapak nepi ka hidji bubulak teh geus aja kana sadjamna leuwih,

Nu ditudju tjan njeho palebah mana ajana. ngan tjeuk tjarita njaeta di Kutakarang,

„Dimana atuh anu kasebut Kutakarang teh? Kaduhung teu naroskeun ka ama Kuwu Tegalpapak, kumaha wanganan Kutakarang teh, mangrupa lembur atawa naon? Hanas aing rusuh teuing indit teu tataros nu langkung paos ka keresa mama,” tjeuk omongna, njarita sorangan bari humandeuar.

Tamba nahnaj teuing mentas nandjak djeung luluntjatan kana djungkrang, gek manehna diuk handapeun tangkal nu daunna ngarojom.

„Susuganan meunang ilham, Nun Gusti neda pituduh, kamana abdi nja njungsii? Sim abdi bade ngilari kanggo bahan pikeun ngamankeun pilemburan di daerah anu karandjah ku kaom jurdjana..” manehna ngalamun bari njarande kana tangkal kai.

Djeguuur ..... sora ombak laut kidul geus kadenge ku manehna, nepi ka hiukna angin laut oge karasa mani njilisib kana kulitna.

Perwatekna hareudang bajeungjang, nepikeun ka manehna poho ka sisi ka gigir, lelenjapan ngalenjap meueusan, bubuhan dibarung ngalamun.

Teu kanjahoan djol seor sora anu njeor. Amran ngarendjag samaruk hudjan, rurat reret ka luhur, manahoreng ti luhur tangkal kai tjolangap sungutna mani gurawah tur hantuna ranggeteng, njaeta oraj santja mani sagede tangkal djambe.

Amran tibuburandjat nangtung rek ngedjat, tapi sial hulu oraj geus deukeut kana sirah manehna, „lahaola” kep bae ku manehna beuheungna didempet satarikna. Gudubug seoor oraj teh ngaragragkeun awakna bubak-babuk mani rongkah.

Tapi Amran tahan terus ngadengkek beuheung oraj tipepereket, sanadjan oraj bubak-babuk oge, untung manehna teu kababuk ku buntut da lolobana buntut oraj teh ngababuk kana tatangkalan.

Krek-kerekek Amran natikan dengkekan kelekna mani kekerekekkan beuheung oraj teh, turta sabot karasa oraj rada ngendoran tanagana, manehna njabut peso balatina tina tjangkeng, bres ditewekeun kana beuheung oraj burial getihna mani ngaburial mantjer lir pantjuran mantjur, heok bau pahang mehmehan' Amran katurelengan ku pahangna.

Gurubug<sup>2</sup> oraj teh sakarat awal sanggeus dilesot-keun mah.

Amran ngahegak bawaning ku tjape bari mentjrong oraj nu keur sakarat, teu lila oraj teh ngadjengkeng paeh.

„Aduh, mun teu kadenge njeorna, aing ditjaplok nianten ku si Santja teh, tetela lain lumajan gedena ieu oraj teh,” gerentesna bari ngahegak.

Tina ngarasa tjape manehna diuk deui luhureun akar kai bari keukeuh mentjrong kana oraj nu geus ngabugikag djeung getihna mantjawura ka mana<sup>2</sup>.

Naha atuh teu kanjahoan deui djol sier tjeplok bae aja nu nantjeb kana tangkal kai luhureun sirahna pisan. Amran ngaredjag reuwaseun. Tului ditempo sihoreng hidji djamparing nantjeb dina kai mun kahandap we meueusan tangtu kana sirahna.

„Saha ieu nu kmawani mentangkeun panah ka aing teh?” gerentesna bari neuteup eta panah, diilik-ilik mah bet aja keretas dina tengah<sup>2</sup> djamparingna teh dibuntelkeun.

Panasaran tuluj ditjokot kalawan tenang.

Keretas teh didudut, tetela aja tulisanana malah aksarana lain laten tapi aksara Sunda, piunieunana mah kieu:

Tetela maneh ngaran Amran nu rek ngadatangan ka Kutakarang.

Tapi samemeh maneh maksa kalawan tangtu bakal paeh, mending balik deui sabbab saha djelemana nu rek niat datang ka Kutakarang, tanwande kudu daek naruhkeun umur heula.

Sakitu, djig maneh balik deui mun hajang salamet, tapi mun rek maksa tanwande bakal dipapag ku balad<sup>2</sup> kami.

Ngaran kuring,

DJAMURTI LU

di Sapuangin.

Hadena Amran ngarti kana aksara Sunda manehna ngahuleng barang matja kana eta surat teh, jen kitu unina. „E...eh, naha aing teh bet geus kanjahoan ku maranehna, Djamurtilu, saha Djamurtilu teh? Wah tetela nu kasebut djago taja tandingná tea sakumaha kasauran mama Kuwu Tegalpapak.

Leng manehna ngahuieng, teu njahoeun jen disagi-gireun djeung sahareupeun manehna mah kira bae pianggangeunana saratus metereun məh ti manehna kahalangan ku kakajon nu ngabadeg ngadjararega djelema pada marake papakean hideung pakarangna mani ranggeteng pedang bedog tumbak djeung sabangsana kabeh geus siap dilalugas.

„Aeh, aja deui we maung malang teh, beu tjilaka pasti aing geus dikepung wakul kaja kieu mah. Beu kumaha atuh?” manehna bingung bari tjulang-tjileung, tapi teu kapanggiheun nu ngadjarega mah bubuhan njarumput dina bilik<sup>2</sup> tatangkalan.

„Amran, tong keueung<sup>2</sup> pek maneh gugulingan dina getih oraj, ins ja Allah maneh bakal boga kakutan sarta moal teurak ku pakarang musuh!” djol aja suara tanpa katingal bae. Manehna kaget, tapi da bubuhan aja suara kitu, gantjang bae manehna mu-kakeun dadjuna, dibuligir,

Nu ngadjarega pating raringeuh nempo Amran di buligir teh, samaruk rek buru<sup>2</sup> ngalawan meu-reun ka maranehna.

Tapi Amran gugulingan dina getih oraj, ku maranehna mah teu kataremoeun jen aja oraj paeh sarta getihna amatjak dina djukut.

Barang nangtung katjida matak karageteunana jen Amran djol<sup>2</sup> baloboran getih bae.

„Aeh naha ku naon eta si Amran teh, sanggeus gugulingan djadi getihan awakna mani baloboran. Tjing dareuleukeun euj, rek naon djeung kunaon ta teh?” tjeuk kapalana nu ngaran Djamurtulu tea, eta teh hidji kapala ramfog anu aja di Sapuangin djeung di Kiarapantjuh. Ahli sihir anu geus sohor, babaturan bah Djalumpang.

Geus kitu mah Amran teh dagdagan nangtang anu manah bieu.

„Heeeeej! anu boga djampating tjoba arandjeun kaluar tina panju<sup>2</sup>putan arandjeun,

Lamun enja arandjeun djararago, hajang maehan  
nu lalar liwat, geura prak kami raronan!"

"Tjaaaaat!" djol tinggaradjeleng bae tina sela<sup>2</sup>  
kakajon mani riab kentja katuhu djeung ti bareup.  
kabeh ngalalugas pedang djeung tumbak, aja meu-  
reun kana duawelas djelema mah dikapalaan ku nu  
djangkung badag tur kumis baplang, njenjekel gon-  
dewa djeung djamparingna, moal salah eta teh Dja-  
murti<sup>1</sup> tea.

"Hahaha, hahahahaha! Mangkeluk<sup>3</sup> sagede menel  
sakeupeul djeung badju<sup>2</sup>na, hajang nangtang diadu  
djeung dewek nu sakieu lobana, naha silaing teh  
rek sosoroh kodjor?" tjeuk ki Djamurti<sup>1</sup> bari mu-  
rtil<sup>2</sup> kumis, sedeng balad<sup>2</sup>na geus maradju kalawan  
bangun sarengit naker.

"Prak kami geura raponan, kapalang keur diri  
kami mah. Bisi sarilaing hajañg njaho, bener kami  
teh Amrau nu tek ka Kutakarang!" tjeuk Amran bari  
nepakan dadana nu pinuh ku getih oraj.

"Eeh, simangkeluk hajarg ngalawan nu sakieu  
lobana, naha silaing teh geus teu betah hirup hah?"  
tjeuk ki Djamurti<sup>1</sup> bari muntjereng.

"Urang korojok bae bah, tong diantep mangkeluk  
kitu mah, tuman!" tjeuk baturna nu ngaran Sadibja  
bari muntjereng ka Amran.

"Hajoh geura sabet beuheungna ku maneh Dib-  
ja tjeuk Djamurti<sup>1</sup>.

Teu antaparah deui Sadibja miheulaan ka batur<sup>2</sup>na  
djol seak bae ngaheumbatkeun pedangna ka Amran.

„Tjaaaaaaaat!” Serepet mani bangbaraan. Ngeunah pikeun ki Arman, gilek saeuitik ngagilek bari djeung ngarampas tangan musuh dibuang selut sakali gus.

„Sssssssst.....!” plos tolondjong Sadibja mani nolondjong.

„Oooooooooow!” bru sirahna kana tangkal kiara, hek tjenah sarta bedogna ngatjleng.

Nempo Sadibja rubuh, babaturanana tingsetepet kentja katuhu bari ngambangkeun pedang.

Amran rada mundur saeuitik ngadeukeutan tangkal kai sarta panonna djalingeur naker.

„Ooooooooowww!” tinggurubug sarta malalundur, barang maranehna nintjak bangke oraj, samaruk oraj, hirup keneh.

„Hahahahah, hahahahahahah!” Amran njakakak seuri njeungseurikeun musuh anu borongan ku bangke oraj, manahoreng ngan saukur parakatangtang prikitingtingna sedeng ku oraj nu paeh ge sareun.

„Naha silaing njeungseurikeun, ngahina silaing ka dewek djeung kabalad dewek hah!” tjeuk Djamurtiлю bari masangkeun gondewana.

„Wah geuning ku bangke oraj geus sieun silaing teh, komo ngalawan dewek. Bisi teu njaho ieu oraj santja anu sakieu gedena mentas tarung djeung dewek!” tjeuk Arman teu giimir dipentang ku panah oge tetep manehna tagen tur tenang.

„Kurang adjar silaing!” sieeeeet teh djampiring nudju dada Arman.

„Saaaaaat!” ngau sakerewek bitewak.

Des dipotongkeun djadi dua, lung ku Amran di-alungkeun bari tjakakak seuri ngeunah naker.

Musuh<sup>2</sup>na beuki napsu nempo kitu teh, tingpotot bari djeung taraki taki.

„Tong dilaladjoanan piraku kudu eleh ku mang-keluk sasaki, urang Sapuangan tara eleh tarung !” tjeuk Djamurtilu bari djeung tutundjuk ka baladna.

„Madjuuuuu !” tingserepet kentja katuhu datang-na teh mani bareng nu ngabeumbatkeun pedang, nu nusukeun tumbakna.

„Tjaaaaaat !”

„Saaaaaat ..... hup !” pelentung Amran melen-tung kawas luntjatna gabus ti situ, tjlek geus aja dina dahan kiara nu luhur.

„Ooooow !” maranehna tinggarebut diadu djeung pada baturna sarta teu kurang nu diadu tarang ka-na tangkal kiara.

„Hahaha, hahaha ..... ! Hajoh geura ngararodjaj didinja dina djukut sarilaing !” tjeuk Amran bari ngabedega nulaktjangkeng dina dahan.

Hej !” kurang adjar, tampanan jeuh djamparing kami !” sier, sier teh djamparing mani kawas hudjan datangna, tapi ku Amran teu dipake gimir, nu beunang ditewak ditawak, nu beunang digiwarkeun di-giwarkeun, sarta nu keuna oge ngadadak teu teurak.

Pikeun musuh<sup>2</sup>na djadi satengah hate nempo katangginasan Amran kitu, tingrareret djeung pada baturna, meureun silih tanja kumaha akalna. Djeung deui ngarasakeun jakin lain bedja deui ajeuna mah.

Paingan tjeuk ramalan maranehna atawa Djamurtilu bakal aja djadjaka nu bese pitandingeunana turunan Kandangwesi nu ngaran Amran.

„Tong kapalang euj! pira djelema samangkeluk, bajoh geura lalempag ku tumbak!” tjeuk Djamurtilu bari tipupuntjereng.

Atuh ngan pungpeng bae mani kerep datangna tumbak ka luhur,

„Sat, sat, sat, ..... jaaaaah!” hidji tumbak beunang ku Amran, dibalikkeun ka nu bogana di hadap mani tepat keuna kana dadana.

Aaaaawww ..... aaaaawww!” bres teh mani manggang tina dada parat kana tonggong nu boga tumbak balad ki Djamurtilu.

Gorentel<sup>2</sup> sakarat awal, atuh teu kira<sup>2</sup> babaturana na ngarasa napsuna.

Komo Djamurtilu mah djol sier sier bae djamparingna kawas hudjan. Tapi hidji ge taja nu keuna malah dikeunana ge teuteurak.

„Kurang adjar, turun siah tong litjik, bener wanit arung geura turun!” tjeuk Djamurtilu tutundjuk.

Teu kanjahoan, pelentung teh Amran luntjat tina dahao kai njabet hidji mrusuh kerewek ditewak tjangkengna dibabuk-babukkeun ka batur<sup>2</sup>na atuh munggah kokowowongan nu dipake ngababukan teh direken ibarat hebekan atawa pangpung.

Babaturanana malundur, nu keuna kababuk tingkudupung teu bisa barudang deui, Djamurtilu luntjat kerewek ngarebut baladna nu dipake ngababukan, malah beunang, tju! digolerkeun geus teu walakaja deui.

Djebet teh Djamurtilu napiling ka Amran mani sakilat naker teu kanjahoan.

„Aaaaaaw!" dampal leungeun Djamurtilu kasohor peureusna lir gelap ngampar datangna ngaburinjaj. Amran kapaksa radi kokolojongan nahan kaileur keuna кудampal leungeun Djamurtilu.

„Hahahahah, hahahahahahaha! Teu sapira geuning silaing teh Amran, kakara ku dampal leungeun dewek geus kokolojongan.

Buritjak djiga aja kilat ti langit katempo ku Arman. dadak ngarasa djagdjag, harita keneh Amran malik bari pokna.

„Puaaaaaaah! kakara bisa nampiling geus sompong, hajeuh urang rebutan umur begalan pati djeung ngaran Amran!"

Balad<sup>2</sup> Djamurtilu mah tinggal tingpalalongo, da kapalana madju djurit meureun, teu wani aja nu daek mantuan da sieun disebut teu pertjaja ka guru-na. sok ditegor mun keur gelut dibantuan teh, kajaba mun geus manehna nitah.

Der silih sered silih suduk silih babuk silih tjabok silih tondjok, silih banting silih piting, silih surung silih suntrung kawas pujuh keur diaradu patinggorentel.

„Saaaaaat!" plak.....

„Ooooow!" Djamurtilu ngadjungkel,tapi buru-buru hudang deui, Ari Amran geus nagog tukangeuna-nana.

Sirintil deui Djamurtilu naradjang ka Amran.

Seak peureupna datang, Amran ngagilek bari nanggeuj siku djeung pigeulang Djamurtilu, diangkat bari dibuang ka luhur.

„Saaaaattttt !”

„Ooow...!” pelentung kawas bal ditalapung mani melentung, Djamurtilu ngoreleng diluhur bubuhan djelema pinter tur djago, datangna ka handap teh njabet Amran ku sepanan nu katjida tarikna.

„Aaw!” Amran oge kabongohan nepikeun ka asa katurelengan keuna ku sepanan Djamurtilu,

Tapi teu lila Amran geus nagog deui nangtang panaradjang musuh bari teu weleh<sup>2</sup> awas ka balad<sup>3</sup>na bisi ngabarongohan,

Pel silih tempelan pasangan, duanana pada pelit.

„Seeessst!”

„Saaattttt!”

Gurawil Djamurtilu beunang sukuna dikelid gudubrag mani tjamekblek datangna titeundeut budjur,

„Aaaawwww.”

Bari ngagoak bari ngarengkas suku Amran, Amran tidjuralit. „Aaw!” tapi djungkir balik geus nagog deui

Djamurtilu ngarasa kesel ngalawan Amran nu sakitu relit tur litjin, sarta kuat luarbiasa.

Manehna inget kana kasakantenana manehna ngagelang dampal leungeunna ngawatek elmu Basuketi

Tjeprot teh ditjabokeun ka Amran mani ngaburinjaj leuwih titadi.

„Aaaaaww..... aduuuuuh!” Amran ngadjungkel les kapaahan.

Eta ge untung keunana ka Amran, lamun kanu sedjen tong sieun teu antjur sabab Adji Basuketi. bisa ngantjurkeun beusi.

„Hahaha, hahaha, hem kurang adjar, sapinterna. sadjagona budak satepak budak kamari sore hajang ngalalakianan ka dewek si Djamurtilu nu geus taja nu wani ngalawanana kabehe pada gigis pada gimir ku si Djamurtilu mah.

„Batur<sup>2</sup>, hajoh borogod bawa ka Sapuangin urang kerem bari tindihan ku batu gede, siksa heula tong waka dipodaran, tuman!”

„Mangga! Mangga! mangga!” balad<sup>2</sup>na teu antaparah ngan kerewek bae ngaborogod Amran nu kapehan ditalikung satarikna.

„Hajoh garotong bawa ka Sapuangin, asupkeun ka-na kamat tahanan sarta tindihan ku batu gede !” tjeuk Djamurtilu.

Harita keneh Amran nu kapehan digotong sarta sawareh ngagotong baturna nu paeh ku Amran tea.

oooooooooooo

~~~~~ TOKO BUKU DAN PERPUSTAKAAN

## AMPERA

Djl: Tuparev No. 310 B Telp No. 165:  
KARAWANG

Mendjual: Buku<sup>2</sup> batjaan Sunda, Komik Tjergam,  
Tjerpen, Tjerita Silat dan buku Peladjaran.

## BAGIAN KAOPAT

**K**UTAKARANG, hidji gedong leutik tapi katjida endahna tjeuk basa nu arajeuna mah matak serem katempona, ukuranana mah paling aja opat kajima meter pasagi. Pang disebut Kutakarang dumeh pager eta gedong sakurilingbungking didjieun tina karang laut anu pisakumahaeun teuing ngumpulkeunana pililaeunana.

Bubuhan beubeunangan Djamurtilu nu loba baladna tur manehna mah sok radjeun malah lolobana meres tanaga urang pakampungan nu kaliwatan ku manehna dipaksa sina nareangan karang kalaut,

Teu daek pasti bakal dipaehanana, teh numatak kabeh pada daek bae da sarieuneun.

Didinja ditempatan ku dua anakkutut bah Djamurti<sup>1</sup>, dua wanodja anu garareulis, duka timana asalna, tisaha mentana eta budak, da ti keur arorok, keneh ku manehna dikukut dihadja disajagian pangasuhna nepi ka wantji kiwari oge, dua wanodja geus sumedeng remadjaputri ajeuna mah.

Ari nu minangka lantjeukna njaeta katedah dibere ngaranna ku Djamurti<sup>1</sup> njaeta Siti Bajawati, anu minangka adina njaeta Siti Kilatwati, duanana ge pada gareulis tur garademol ngan eleh kageulisan ku Kilatwati boga tjureuleuk sotja djeung karentit pipina manis katempona, malah bulusotjana tjararentik

Adatna ge rada beda. Kilatwati mah lungguhtimpuh tur sopantsun, ari Bajawati gangas barangasan, teu paja kasinggung saeutik, atawana mun ballad<sup>2</sup> bapana aja kasalahan, pasti manehna nu tara djeung kira<sup>3</sup> njiksananepika sok radjeun njiksa tepi ka paeh.

Tapi duka teuing tadina saturunan duka teuing teu saturunan da bubuhan duanana oge orok pulung.

„Ari Kilatwati, mama tadi njaurkeun jen aja tawan nu rek ngahadja ngaruksak ka Kutakarang tempat urang ajeuna, atawa gedong nu ieu. Katjida panudjuna geus beunang ku mama. Ajeuna saur mama ditindihan ku batu sareng beusi nu bareurat di kamar tahanan. Ari ngaranna si Amran tjenah!“ tjeuk Bajawati bari neuteup ka Kilatwati

„Aeh kutan teh Tjeu, aja tahanan deui, iraha saurna kengingna?“ tanja Kilatwati bari ngagelenju.

„Kamari saur ama mahl!“ djawab Bajawati.

Tjing atuh tjeu urang njobian nempo ka ditu hojong terang abdi mah?" tjeuk Kilatwati.

"Teu aja pamenganana, mangga wae urang kaditu, tapi tjeutjeu mah sok teu tahan dampal leungeun ari nempo tahanan nu iek djahat teh, sok hajang njiksa!" tjeuk Bajawati bari gegereget huntuna.

"Numawi abdi heula we atuh ningalina, tjeutjeu pandeuri, bilih tjeutjeu palaj njiksa mah teu aja pamenganana, sok asal abdi tos nempo beurgeutna we heula, da ari abdi mah teu tiasa njiksana!" tjeuk Kilatnawati.

"Haju atuh Ji, da saur mama oge kamari, mangga bae urang bade narempo mah, malah saur mama mah prak geura siksa ku duaan, da bongan rek ngarandjahna oge ka tempat urang." tjeuk Bahjawati.

"Sumuhun, mung abdi mah teu tega bade njiksa teh tjeu, djabi ti kitu teh ah da tanaga abdi mah moal njeri<sup>2</sup>eun atjan atuh, margi njabokna oge abdi mah paling<sup>2</sup> karasaeun ku budak leutik. Benten sareng tjeutjeu sapertos mama we tjeutjeu mah", tjeuk Kilatnawati bari njerengeh seuri leutik, waosna mani ngabaratasat lir upama tjahja poslen.

"Ih kapan Aji ge tiasa niup ngapeskeun pangawasa musuh tur sihir pada kawon ku aji mah?" tjeuk Bajawati bari seuri beukah dumeh dipudji ku adina.

"Mangga we Ji urang mios ka Sapu<sup>ingin</sup>, urang nempo tahanan tea, tjing djago kitu atawa henteu numawi wawanianan rek ngarandjah ka urang teh?"

„Mangga tjeu .....

„Duanana tinglagedaj lalungsur ti gedong endah,  
nu geulis pada geulisna, ampir sakembaran.

Lamun tea mah kapanggih ku barudak budjang  
moal teu matak teuangan nempo ka geulisan wa-  
nodja nu dua teh. Sok komo Siti Kilatwati mah  
loba pisan baladna bah Djamurtilu oge nu kaeda-  
nan, ngan teu wani rek waleh bubuhan ka putra  
dunungan kasebutna mah meureun.

Teu sabaraha lilana da deukeut, geus narepi ka  
Sapuangan, njampak Djamurtilu keur lalagedajan di-  
na korsi bari muri<sup>2</sup> kumis.

„Hahahah, hahahah ..... nu gareulis geuning  
kadarieu, jap atuh kadieu. Diditu dikontji ?" Dja-  
murtelu barang nempo anak<sup>2</sup>na datang mani njakakak.

„Kapan aja bi Murnah diditu mah mama tunggu  
bumi !" tembalna bari song sasalaman duanana ka  
nu djadi bapa, da teu njarahoeun bapa kukut.

„Dimana ama ngaran si Amran nu rek djahat teh,  
tjing bade ningalan abdi !" tjeuk Siti Bajawati.

„Pek rek narempo mah tuh di kamar tukang, di-  
bangbaluhan keneh ku beusi djeurg batu, nu pibeu-  
rateunana oge sapikuleun," djawab Djamurtilu.

„Mangga atuh aji Kilatwati beula ka ditu, ke tjeu-  
tjeu mah pandeuri da sok hajang bari nampilingan  
ka djelema kitu teh tjeutjeu mah, moal teu antjur  
geura

„Tah sakali sewang we atuh kaditu !"

„Mangga atuh tjeu abdi ti pajun, moal lami abdi  
mah asal lol wangsul deui wéy” tjeuk Kilatwati  
bari djung nangtung.

„Mangga ji, matak naon sagelepop mah kadinjah  
aji ge njabok keun sugar engke ti tjeutjeu nu peu-  
heurna mah,” tjeuk Bijawati bari njerenggeh.

Kilatwati teu rea tjarita, ngan gelenju bae imut  
bari leumpang ngadenge tjaritaan lantjeukna teh.

„Tjobi mang kontji tahanan teh mana?” tjeuk  
Kilatwati ka pangdjagana.

„Ieu sun, mangga ku emang bie bade dibuka.”  
bari djepret dilaan kontjina.

Braj muka. Kilatwati sup ka djero, breh teh nu  
nangkarak bengkang bari panonna tjulak-tjileuk teu  
bisa peta kumaha oge da puguh. keur mah ditjang-  
tjang tur suku dibangbaluhan, malah beuteung ge  
ditindihan ku batu gede, mun lain ninggang di Am-  
ran mah tangtu matak pedjet.

Djenghok teh Kilatwati ngadjenghok, mani kaget  
djeung katadijku tahanan manahoreng djelema ka-  
sep djelema sembada, matak piñaresepeun lutju  
katempona, Manehna tjolohok bengong. ari Amran  
gawena peupeureuman ti barang braj panto oge teu  
pati nempo nu datang.

„Mang keun heula kadieukeun we kontjina, ku-  
ring bajang nitenan héula ieu tahanan!” tjeuk  
Kilatwati bari djeung nutupkeun pantona, pendia-  
ga teu bisa kumaha ouam deui.

„Njaah teuing ieu djadjaka, naha ama mana ka-  
tjida teuing njiksa teh, boa<sup>2</sup> lain rek djahat,

Kilatwati neuteup bari katjida tingseredetna kana hate, kakara nempo talaki atawa djadjaka nu saperti kitu kakasepanana. ngadadak katadji kabeulit ati kapentang daja asmara.

„Deudeuh teuing mani baloboran kitu awakna Hemh njuhunkeun karamat sapaatna tina diri sim kuring katut ka Nu Ngawasa sim kuring ieu djadjaka njuhunkeun waras sadjatining waras. kalajan batu? djeung beusi njalingkir ku sorangan. lahaola-walakuata ilabillahi alijiladzim ..... Puh !” dasar geus kasohor kasaktianana, ngadadak tali brutbret paregat, batu njalingkir djeung beusina tina badan Amran, djagdjag sabihara bihari malah buringas.

Koneal hudang mani tipoporoze, ret ka Siti Kilatwati nu keur neuteup bari imut ngagelenju, teup Amran neuteup mani bari tjolohok bengong, nempo nu geulis manis ngagelenju imut matak kabongroj kapentang duriat.

„Tong kaget, ieu abdi nu nulungan ka salira teh. Kilatwati wasta sim abdi !” bari njampeurkeun ka Amran sarta matak ngarenghap kana ambekan Amran njeredet hate dagdigdug djadjantung, teu sangka bakal aja nu geulis ratuning geulis, Marwijah boh Tarmidah moal nendeng ka ieu istri nu ngaran Siti Kilatwati, sedengkeun Siti Kilatwati kep nje-peng leungeun Amran lebah pigeulangna, serrr ned Amran mani ngadegdeg.....

H A N T J A E U N

Sadjabi ti mirah sewaanana teleoge moal lengoh,  
marai sajagina pepek upami nambutna buku<sup>2</sup> ka  
taman Aosan<sup>2</sup> di handap ieu :

1. Taman Aosan "PIALA" Djl. Kebon Kol  
Sumedang.
2. " " " " " FISKA" Djl. Raja Kadipaten.
3. " " " " " E. KOSASIH" Tjiwidej.
4. " " " " " SENTJAKI" Soreang.
5. " " " " " MINANG" Kp. Emper  
Madjalaja.
6. " " " " " PUSAKA" Djl. PSM Bandung.
7. " " " " " ANGKREK" Djl. Raja  
pajuneun pasar Sumedang.
8. " " " " " MUNGIL" Sumedang.
9. " " " " " MULIA" Kp. Pasar  
Tjitjalengka
10. " " " " " TUNGGAL" Djl. Mantri  
Madjalaja.
11. " " " " " SALUJU" Djl. Raja Tjibabat.  
Tjimahi
12. " " " " " GEMBIRA" Djl. Nampong  
Tjiawi
13. " " " " " DARMA SETIA" Djl. Kantor  
Pos 33 Bandjar.
14. " " " " " BUDI ASIH" Singaparna.
15. " " " " " SRI DEWI" Padalarang.
16. " " " " " ABUJA" G. Abuja.